



Revni etik famiyal Ingreso ético familiar

Li eksplike karakteristik sou-sistèm pwoteksyon ak pwomosyon sosyal ke yo konnen sou non " Sekirite ak Opòtinite" (Seguridades y Oportunidades), ki destine ak fanmi ki nan povrete ekstrèm.

◦ Ki objektif lwa saa?

Lwa saa kreye sou-sistèm pwoteksyon ak pwomosyon sosyal denomine " Sekirite ak Opòtinite" (Seguridades y Oportunidades), ki fè pati sistèm pwoteksyon sosyal. Li destine ak moun e fanmi ki nan Sitiyasyon povrete ekstrèm.

◦ Kòman yo kalifye moun ki nan povrete ekstrèm yo.

Se moun ki gen yon salè pè kapita ki enferyè ak kantite yon moun bezwen pou satisfè nesosite alimantè yo.

◦ Ki lòt tip de moun ki kapab benefisyè?

Lòt moun ki kapab gen aksè ak sou-sistèm saa se moun ak fanmi ki twouve yo nan sitiyasyon vilnerab lè yo ranpli kondisyon sa yo:

KI gen 65 lane ou plis, lap viv poukont li oubyen avèk yon timoun epi nan sitiyasyon povrete; viv nan lari; ak timoun ki minè ki gen paran yo ki nan prizon ak tout moun k ap travay nan pran swen li.

◦ Ki pwogram ki enkli sou-sistèm nan?

Pwogram aks (Programa Eje), ki destine ak tout itilizatè yo. Li gen kòm objektif akonpanye benefisyè yo pandan trajektwa nan pwogram Bonis pa efò ak sibvansyon anplwa pou fanm (Programas del Bono por Esfuerzo y de Subsidio al Empleo de la Mujer).

Pwogram akonpayman sikososyal la (El Programa de Acompañamiento Psicosocial), ki gen pou objektif pwomote devlopman abilite ak kapasite nesèsè ki pèmèt itilizatè yo enkli sosyalman jwenn otonomi yo.

Pwogram akonpayman sosyolaboral (Programa de Acompañamiento Sociolaboral) la gen kòm objektif amelyore kapasite itilizatè yo pou jenere salè de fason otonòm, amelyore kondisyon anplwa ak patisipasyon yo nan nivo travay.

◦ Kisa ki tranferans monetè bazik ak transferans monetè kondisyonè ye?

Yo se pèyman lajan ke sistèm nan genyen pou moun ak fanmi ki benefisyè yo. Transferans kondisyonè a etabli dapre objektif benefisè an dwe ranpli.

◦ Kisa ki sibvansyon anplwa (travay) pou fanm nan?

Yo etabli yon sibvansyon travay pou travayè fanm depandan ki reji pa kòd travay ak travayè fanm endepan yo, ki pral peye pa leta. Moun ki pral gen aksè ak sibvansyon travay sa a se travayè fanm depandan e endepandan ki genyen ant 25 a 60 lane e ki fè pati 40% moun ki pi vilnerab yo sosyoekonomikman palan.

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.